

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA - TAMA :

1 taon	f 6,—	} njoewoen ka- bajar roemijin.
1/2 "	f 3,—	
3 woelan	f 1,50	
Kénging mbajar saben woelan }		

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja	f 36,—
1/2 "	f 18,65
1/4 "	f 9,75
1/8 "	f 5,25
Saladjengipoen : saben 1 cm ²	f 0,03
sekedik - kedikipoen : f 1,50.	

Kabar premili alit - alitan : f 1,—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur :

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius” Djokja.

GANTOS ANTJAS?

(Vaderlandsche Club).

Ing Sw.Tm. 29 Mei 1931 poenika koela ngrembag bab teknik, amargi awis wonten ingkang manggali. Ing ngrikoe koela anggepok rarasani-
poeu bangsa Walandi: 1e. wonten ingkang moengel: Bok Indonesia énggal ditjoelaké. 2e. wonten ingkang witjanten: Ja kena mardika, nanging adja kesoesoe, awit doe-
roeng mateng. 3e. wonten ingkang moengel: Ora mardika, koedoe isih koempoel karo Nederland, nanging dianggep sadjadjar. 4e. Diteroesaké dadi kolonie baé, éman-éman.

Nalika samanten koela moengel jèn ingkang nomer sakawan poenika tijang ingkang boten ngertos dateng ébahing djagad.

Golongan ingkang ngadjengaken idam-idaman angka sekawan poeka oepaminipoen *Vaderlandsche Club*. Nanging kaoeningana, dèrèng lami poenika toewan Zentgraaff, hoofdredacteur Soer. Hbl. inggih golongan *Vaderlandsche Club* (?) tjotjog kalijan pamanggih koela. Pijambakipoen ngakeni jèn idam-idaman angka 4 (idam-idamanipoen *Vaderlandsche Club*) boten saged katindakaken.

Toewan Zentgraaff nerangaken, jèn margi boten ngekahi soepados Nederland lan Indonesia kedah dados satoenggal sarta boten kénging pisan-pisan dipoenpisah, poenika moeroegaken njoeda pasolajan ing prakawis ngrembag kawontenanipoen Indonesia ing bédjnging. Mila pijambakipoen mastani lepat dateng tindakipoen *Vaderlandsche Club*, déné ngantos pasolajan kalijan golongan ingkang dadasar agami. Mastani, jèn pangrehipoen Toewan Jhr. De Graaf (K. Goepneroe Djéndral) poenika boten awon kados anggènipoen mastani *Vaderlandsche Club* kalih taon kapengker. Toewan Zentgraaff tjrijos, manawi *Vaderlandsche Club* poenika ngemohi belangengroep, panging dados parté politik toelèn ingkang merlokaken kabetahan oemoem, mila kabetahanipoen tijang pribomei oegi katoet kaperlokaken. Wondéné anggènipoen njamboet damel boten badé mijambak, nanging gotong rojom kalijan parté sanès.

Menggah sababipoen déné toewan Zentgraaff moengel makaten wae, djalaran idam-idamanipoen *Vaderlandsche Club* kados ingkang sampoen-sampoen poenika ing Éropah boten wonten ingkang saroejoe, makaten oegi prijantoen loehoer ing riki oegi boten tjotjog.

Lah anggènipoen boten roedjoe oetawi tjotjog poenika rak margi nganggé nalaripoen!

Sosorahipoen toewan Zentgraaff temtoe damel kagètipoen warga *Vaderlandsche Club* sanèsipoen kados tijang tinoebroek ing mong, lepat.

Poenapa *Vaderlandsche Club* badé saéstoe gantos antjas kados sosorahipoen toewan Zentgraaff poenika, koela boten saged mastèkaken, awit toewan Zentgraaff poenika déné sesirahing *Vaderlandsche Club*. Nanging jèn poeroen nalar, temtoe ladjeng poeroen gantos antjas!

Djentik.

PRADJA RAHAJOE.

KLOEROEKING SAWOEN- IPOEN PANDJI LARAS.

Blorok mireng Wido ngesah, ingkang tansah dipoenpoengkesi oeng-
oengelan o. *djaman, djamaan!* . . . Ladjeng takèn poenapa sebab-sebabipoen!

Wido mangsoeli mekaten: Dak rasa-rasa ± 30 th. enggonkoe oerip ana ing djagad ramé, wiwit akoe bisa nimbang sakabèhing lelakon kang dak alami! Anané kok moeng oedoeré kaanan *loewih* karo *koerang*. Ikoe goeloengan tjara bodon kaja akoe, déné kaanan maoe toemrap sakabèhing prakara. Jèn moeng-goeha beboedèn, ja toemrapé boedi sing *loewih* apik oedoer karo kang

koerang apik. Moenggoehing banda ja oedoeré sing banda akèh, karo sing bandané koerang, toemrapé boetoeh ija ngandakaké oedoeré wong sing boetoehé loewih tjoe-
koep, karo sing koerang tjoe-koep. Sing tiba madya wangoené ora doewé pokal apa-apa tanpa pangaroehé golongan loro maoel lsp. isih akèh banget, nanging akoe ora bisa njeboetaké, djalaran saka ora ngertikoe.

Blorok mireng *ginem mekaten* ladjeng tjrijos: „Kok kadingarèn temen olèhmoe mikir nganti semono katogé, aja marga pantjèn kowé wis ndoengkap *katog* oeripmoel!” . . . Gèk djenengé wae digagas tjara apa, èlmoe apa?? Akoe kok mindoe, ta Wido karo goenemmoé iki!

Wido soemambet. Akoe déwé ija ora ngerti, nanging la wong pidjer dadi *pangangen-angen* aninting koe-
ping, rina wengi moeng tansah dadi gagasan; toemamané ana ing lésan moeng woedjoe pasambat kaja kang kok roengoe maoe. La, moenggoehing kowé keprijé?

Blorok soemamboeng. La akoe ora bisa ngoeroeni, wong remboeng-
moe anggajoe sing doedoe bobot-
koe ngono! La nèk moeng tjara blorokan wae ja akoe bisa réwang-
réwang!

Wido tjrijos malih. Kok ndadak pratingkah, wong moeng moeni ngono wae kok ndadak bandjoer di *soendoel poejeet!*

Blorok toemanggap. Lo adja dadi atimoe, pada-pada nglairaké gagasan nèk ora oeroep karo wadahaé, pantjèn disigèni karo wong akèh. Emboeh ditanding karo kekoewatan, kawroeh, dladjad, pasawangan, emboeh metoe dalan lijané, wong-wong loemrahé mangkono! Éwadéné jèn toemekané ngendon *ketak apandak*, ikoe kanggo mbalik haloean ora angèl. Djalaran ing kana dremané *njawang*: Déné sing disawang nganggo njeboet oetawa ora, pandjoe-
poeké ija moeng saka pratingkah solah bawané. Moelané para *ening* sanadjan weroeh ana wong itoe *ini* trima menang baé, nanging sadjroné kèndel pamawasé moepoet. Bédha karo wong tjalak kaja akoe, loepoeté dipadakaké *tong kosong*, ija moeng dianggep panggeroné matjan dikrangkèng baé. Moelané jèn njata koewi gagasan *ndereng metoe ja tokna*, keprijé nalaré akoe tak ngroengokaké! Engko nèk ana apa-apané baé rasakna déwé!

Wido. Elo, kok bandjoer medèn-medèni! Éwasamono rehning meksa dadi *sesawanging* pangangen-angen, ija tak wetokné teroesé. Kowé adja goejon olèhmoe nglarihil *Mengkéné*: „Akoe ngesah *djaman - djèmèn*. Margané matja telegram - telegram kang kamot ana ing lajang kabar, kang dakdoewèni ing wektoe saiki, sing basané nganggo *basa Indonesia* tebané doeroeng pati djembar banget kaja lajang kabaré bangsa Europa oetawa mantja lijané. Iki baé wis akèh sing mratélaké kasedihan bab retoening *djaman*, kang sasat soengsang boewana balik. Sri Maharadja *kerenan* mrisa „*papiljoen Landa*” ana ing stèlingan Paris. Doeroeng toetoeg enggèné *soeka rena*, ing kéné saja doeroeng ketoe-
toeg enggoné *pamèr*, babasan lagi mingkem baé wis disoesoeli kabar manèh, jèn *papiljoené* kobong, kapitoenané manoe *rega* miljoenan, toemrapé rasa poesaka goemantoeng *panganggepé* sing doewé. Sing marahi sedih jaikeo kabar *tantang-
an, antjaman, baékotan, roesak-
roesakan, oedoer panemoe, oedoer agama, oedoer negara, oedoer pang-
goewasa*, lsp. ndjoer kabar padinané ana sing ngandakaké, wong *mroesa botjah doeroeng ngoemoer, djedjaka* njegati *botjah wadon*, per-
rang - perangan marga *wadon*. Oe-
dreg - oedregan prakara *redjeki, soedan blandja, malaise*. Goenoe-
ng *ndjebloeg, lindoe gedé*, wah jèn di-
seboet ora entèk-entèk, saking toem-
mroentoenè olèhé teka.

Blorok soemela. La wong kabar

digoegoe, dioegemi, nèk nggoegoni kabar mangsa bisaa toeroe kowé! Nèk akoe sing dadi *njatané* kéné! Arepa ana gègèr sèwoe nèk moeng kabar saka lija panggonan, ora wedi akoe! Nèk tjedak mono prajoga ngati-ati oetawa ngelon-eloni?

Wido. Amboemoel Omong karo wong mbloeboed, rak kodjoer! Wis meneng disik dak bandjoerné! . . . Marga ngrasakaké kowé maoe, akoe bandjoer nglarah naloesoer wewaton babon bebèntjengan maoe, *tinemoené* kaja sing tak andakaké maoe. Saiki kowé panemoenè ke-
priyé adja sembrana! lo?

Blorok . . . Emoh kono toetoeg-
na disik sing nganti katog!

Wido *neroesaken*. Nèk saka roe-
mangsakoe djamané pantjèn wis angèl temenan, emboeh sebab saka kèhing wong, emboeh marga saka akèhing *bebaja kodrat*. Nanging sing dak remboeng mesti sebab saka manoengsa. Déne kodrat mono wong bisa mratani. Bareng wong angger sing menang rak ngoekoe, ta!

Blorok. Ija, ajo batjoetnal!

Wido. . . . Ketrangané *sadonja* sing *oesrek* déwé moeng manoeng-
sa; ana sing nggajoe prajoga, ngge-
goelang roekoen tresna - tinresnan, kaja oepamané tradjangé missie ana saloemahing boemi, tjilik - tjilikané t. Djawa kéné, ana sing njebar rasa *karang abang* basa lan tradjangé pantjèn diwangoen soemengit l.l.l. ikoe kok ija ora mloeloe sing gawé „*karang abang*” baé sing dionggrèh-onggrèh malah saka kalangan *missie* roepané kepara akèh déwé enggoné *mbrondongi* nganggo temboeng. Mangka roemangsakoe bab mangkono ikoe nèk ora gawé kapitoenan marang bebrajan *oerip* rak oewis ta; pira bara nèk ana lela-
boehé betjik *diélingi*. Kok malah ora, bareng tindak-tandak sing gawé „*karoesakan*,” semoené nèk ora negara, oetawa sing ketaman déwé sing *nandang*, ora ana sing mre-
doeli. Lelakon mangkéné iki apa ora teges jèn wong ikoe moeng pidjer gegèsèhan koedoe lelawanan pikir oetawa bebèntjengan karep, baé! Soepaja ora njimpang karo la-
djer, rehning remboeg ikoe maoe babagan prekarané kaja - kaja ora tjoendoek karo larasé temboeng-
koe, bab *gèsrèké wong loewih karo koerang* ing bab kaanané. La karepkoe ikoe éntjokaké marang toekoelané djalaran loro maoe, emboeh sing dadi *loewih* oetawa *koerangé*, batangé déwé. Saiki kowé déwé kaprijé panemoemoe?

Blorok miwiti *sambet malih*. Nèk mangkono panemoemoe, akoe ja gelem oeroen, djalaran ikoe moeng rasa-pangrasa blèkèn, ora katjokan sadjak sing gedé. Kanggokoe mikir rasa-roemangsakoe maoe dak goe-
loeng babar pisan, jaikeo woedjoe karsa Allah (oetawa kodrat tmr. sad. sing ora nganggep Pandjenengané) karo *pokaling hawa lan goda*, tjara akoené Sétan. Rehne sing Koe-
waos maringaké mardikaning boedi, dadi wong bisa ngemohi sing dadi kersa Allah, karo njenengi pokaling hawa goda, mangkono kosok-baliné. Pamilih warna loro maoe mestiné baé pada reboet bener, nganti ora bisa kober mboeroe antepé déwé-déwé, bab djalarané lan dadakané digolèki titi andjalimet kanggo ndoemoek endi sing bener endi sing klèroe, *ikoe angèl* kabèh pada roemangsa bener déwé-déwé, moelané saéngga saprèné pada ana pilihan *bener betjik* ikoe, roemang-
sakoe moeng ndjagakaké marang rasaning ati, sing tjara akoe kowé marga éntoeke pepadang.

Tjekak tjoe-koepé, nèk pantjèn G. Allah kersa adamel roekoené wong kabèh ora gantalan sekon dadi. Moelané akoe ija goemoen marang sing nganggokaké *agama*, déné tjara ditamboengaké sengitan, sengité marang agama lija malah kepara loewih, tinimbang marang sadoeloer sing nganggo landasan lija. Nèk bisa mono bok ija oedoer koewi adja babagan

agama *rasa kebatinan*, awit manawa ditengenaké bandjoer angger oewong bakal tansah oedoer. Sing kaanané gèsèh karo oedoeré *brajat* oetawa *warga*. Nèk pantjèn roemangsa agama *lija* ikoe kalah apik karo agamané *lijané*, ija ditoelaraké nganggo sarana sing oeroep karo *djenengé oemat*, kanti dipeleng karo Sing Koewasa soepaja maringi pepadang marang sing dikarepaké. Anggeré mangkono larasé bokmenawa jèn kebener ora *ketoeroetan* karepé bisa nrima, awit sanjatané ikoe G. A. sing ora maringaké.

Wido. . . . Elo maoe tjalak, saiki ngetoeproos kaja wong *loewih déwé?* Andakna ora!

Blorok! Ija ding, moela akoe ija ora banget enggonkoe ngoengkoeli gèsèhkoe; amarga senadjan sing ora daksenengi pisan, kala-kala anak wektoe koedoe dak enggo. Kaja oepamané sing ora dojan sega dja-
goeng terkadang mamboe wae arep moeth, (jaikeo jèn garapé tjara bagelènan ngoelon lan ngalor). Nanging oepamané nganti 3 dina ora mamboe oepa mestiné gijak - gijak ija *diitjipi*. Mangkono sabandjoeré, sing koedoe K. S. olèh N.S. sing koedoe Wesminster éntoeke tjap *gobog*, ikoe kelakoné marga kepeksa. Moelané tjita-tjita sing loewih saka taker ikoe betjik *simpnen*, adja *keprodjol*. Éla keplantrang, tenèh keprijé? mBalèni maoe, nèk para nganggokaké agama, gelem mengkono, oetawa wetenschap - wetenschap ikoe ta'loek kabèh karo G. Allah, bokmenawa bisa ketoewoehan pikir kaja oepamané: saakoe bisa ngremèhaké siswa wi-
hara kang pangoodiné kawroeh *agama* ditemenani. Moenggahé golongan lija, ora gampang ngremèhaké. Pastoors oetawa Zusters, amarga ngè-
lingi panggarapé agama loewih *moengkoel* tinimbang saakoe kowé sing ichtijaré dirangkep gèndèng tjèngèng karo bab *ngremboeg bijang gondang*, tolé *djali* sasedoeloeré.

Wido. Lha sawisé mangkono, keprijé enggonmoe arep nambani pangesakoe maoe, kok bandjoer anggenti *obrol* tok ngono?

Blorok. Sabeneré, dak kandanana jèn atimoe tansah kedjeron *rasané samar*, bakal ora ana tentremé. Awit temboengé kantja ikoe ana goenané nèk kowé déwé gelem nganggep, liré nggatèkaké tanpa didisiki *parè-
mèh*, nanging *njata*. Na saiki kowé njoemelangaké kana-kana, njoemel-
langaké werta, sing doeroeng mesti trep. Mangka wektoené saiki kanggoné awaké déwé sing njata: „sai-
kiné beras 1 mantji rega 5 sèn, ba-
kal-bakal 1 élo wis ana sing rega 10 sèn poendoel titik. Bok ija adja wedi swara, wedia njata.

Wido. Heèh ding. Bok timbang-
ané mèloe riboet aba, ngremboega sing kadep kaja déné saiki, kaanané bangsa Djawa kapradjané dadi loewih *kontit* tinimbang sedoeloer lija, marga keprijé, sawisé nemoe ditindakaké *tjak - tjek*, mestiné rak loe-
majan. Adja lagi nganakaké ada ini satitik dimentahi wewaton tjara *atas angin* ndjoer ngendelong, kosok-
baliné *balapan mlajoe, ondjon - ondjonan roepa, loemban, bontjengan pit* karo *sédjé djinis*, riboet dioedi, *djogèd rangkoel dipredi*, moeng marga à la *atas angin* baé, goena tandja ora dipikir. Mangka sadjané ngri-
genaké kaanan kéné ditoni modèl kana, ingatasé prakara iki ora teges ngangsoe, nanging pada baé karo ngrakiti *kebo* nganggo *prabot djaran*, oetawa nantjang gadjah, dipada karo nantjang *kebo sapi*.

Blorok, ajo moelih wis jah méné kok.

Blorok lan Wido ladjeng saiej rembagipoen.

P. S. Moentilan.

GINEM INGGANG KOELA PIRENG WONTEN ING WATES.

Tanpa tètèng aling-aling! Alijag ngeblak! Pantjèn didjarag.

Mekaten saking raos - roemaos koela. Bab ingkang kados poendi?

ISINIPOEN.

Gantos antjas — Kloeroeking sawoengipoen Pandji Laras — Ginem ingkang koela pireng wonten ing Wates — Therie kalijan pratjipoen poenapa saged sami — Noempak sepoer — Batik Rapport — Pangadilan ing Indonesia — Indische Staatregeling enz. — Goentingan pers — Kasoeda 5 pCt. meksa dèrèng kraos — Serat ingkang katampi — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Adja didolani glati.

Wakilipoen regeering babagan oemoem, t. mr. ir. Kiewiet de Jonge, anggènipoen soeka katrangan babagan P. N. I. wonten ingkang soera-
sipoen makaten:

„Gandèng karo aksi P. N. I. regeering pantjèn ora lila manawa wong désa kloetoe ora bisa matja lan noelis, doeroeng ngerti gagasan-gagasan poelitik modern, kaja sing dipropagandakaké P.N.I. bandjoer dibenginggoeng déning propagandist-propagandist poelitik. Partij-propaganda modern mangkono ikoe sing bisa njakoe rak moeng para terpeladjar. Regeering boengah banget, manawa wong iki maoe pada lelawanan karo pangarep-pangareping paman tani anindakaké prakara-prakara kang loewih pakolèh amigoeanani, kajata: ngedegaké koprasa sakolahan sarta angadjokaké tatanèn lan pangga-
otan.

Pantjèn katah ingkang sami ngakeni, tijang ingkang boten mangertos poenapa-poenapa ladjeng dipoenlebeti rembag poelitik ingkang memet poenika, mostawatosi. Malah kénging kasamèkaken laré alit dipoendolani péso. Sisib sembiripoen, klèntoeke anggènipoen migoeanaken. Tjara anggènipoen amengakaken pangertosipoen tijang doesoen, kedah dipoenanggé bédha kalijan tijang ingkang mambet pasinaon!

**

Kendali lan kapalipoen.

Oegi wakil regeering kaseboet nginggil, wonten Volksraad mraté-
lakaken:

„Toean Pangarsa, regeering tansah angreksa awakipoen manawi wonten paneda ingkang boten nalar (— een zonnig schijnende onbedachtzaamheid) kados panedani-
poeu t. Thamrin lan t. Soerasa, inggih poenika neda parlement ingkang sampoerna (volledig). Inggih leres regeering sampoen njoekani kendali (— katjeta wonten: bestuursvorming, njoekani pangkat warni - warni, koemisi-
koemisi —). Nanging ingkang makaten wae doemoegi sapriki kaanggepa awawaton koepija bilih kendali sarta kapal ingkang dipoenkendaleni saged katjepeng kanti saé déning tetijang Indonesia. (Wel heeft zij teugels overgegeven, . . . maar alleen voorzover op grond van de ervaring mocht worden ondersteld, dat die teugels en de daardoor geleide paarden door betrokken Inheemschen goed in de hand konden worden gehouden).

mBokmanawi wonten ingkang ladjeng ambatos: „Kendali wis dioeloengaké. La, . . . tjemetiné; sangga wediné?” Stop! Toetoe moeloet!

Prenjak Mataram.

Mekaten: Nalika tg. 14 Juli woelan poenika, koela dateng Wates, perloe ngéndong (djagong) bajèn.

Ingrikoe koela mireng ginem; ing semoe dipoendjarag, awit ngraoi patrap Katholiek, wonten ing sajtelaking linggih koela.

Menggah rerasanipoen kirang langkoeng mekaten:

„Moelané kaeom Katholiek ikoe ing lair katon ngemen-emenaké marang agama, awit enggoné bisa njamboe gawé ana ing kono,

dadi moeng mamrih marang pegawéjan. Déné ing kabatinané soewoeng ing kenjataan.

Wah prijantoen waoe sasampoen-ipoen leraosan kados ingkang kaseboet, ladjeng mak klaleng, késah tanpa sebawa.

Poenapa poenika boten nama njenjok mata?

Djam 11^{1/4} daloe koela ladjeng mantoek. Ginempioen prijantoen waoe tansah dados gagasaning manah koela, ing sapanjanging margi. Sareng doemoege ing grija, koela ladjeng angsal sesoeloh, ingkang koela ladjeng saged mangsoeli manah koela pijambak:

„Ora djeneng kliroe, prijaji ma-oe, awit pantjen ana toelada mangkono saka golongan kita kaeom Katholik.

Ning prijaji maoe ora bener, nek ndjoer ngeboeg ratjak ngano. Lan wong Kotholik sing nindakaké kaja ngono koewi ora mbedjadi sak bribil!”

Koela tijang Bata, Koelon Praga.

THEORIE KLAJAN PRAKTIJK- IPOEN POENAPA SAGED SAMI!

Nitik oengel-oengelan ing nginggil poenika, kita saged ngatoeri timbangan dateng sadèrèk-sadèrèk ingkang perloe nganggé oetawi betah; oepaminipoen laré-laré ingkang sampoen tamat saged pamoelangan angka II, H.I.S., Mulo, A.M.S. sapanoenggilanipoen, mangka boten wonten alangan-alangan poenapa-poenapa bilih neroesaken kapoeroehitanipoen, dateng ingkang langkoeng inggil, katimbang ingkang sampoen kalampanan, poenapa badénipoen inggih kawratan; kadjawi manawi kapeksa ladjeng kapoerih pados betah kanggé tijang sepoehipoen, lantaran kaperloewan inggih kawadjaban anak dateng tijang sepoehipoen.

Saoepami jektos boten, mokal bilih katah laré-laré nembé medal sekolah ladjeng kloerjoeran dateng poendi-poendi, madosi pandamelan ingkang saged tjotjog ing manah, inggih ngiras kajah-kajah.

Ngènteti mèh sadaja kaboedidajan kanggé ing ngagesang, ing wekdal samangké dawah sisah, lantaran kirang kaentoenganipoen, tetaman blandjanipoen poenggawapoenggawa kapeksa dipoenpotong 5 — 10% sawoelanipoen, ngantos doemoege kapan, boten sami mangertos, namoeng kinten-kinten kirang langkoeng 3 taenan makaten, begdja sanget bilih namoeng dipoen- tjowok blandjanipoen samanten, jèn ngantos nemahi kèndel saking pandamelan, lah rak kodjoer babar pisan. Sampoen tamtoe inggih pados sanès pamedal malih. Mila atoer koela ing nginggil bilih saged toer boten wonten aral poenapa-poenapa prajogi para moeda ingkang taksih tangèh kadjengipoen, neroesna sinaoenipoen katimbang ladjeng njamboet damel; perloenipoen boten ndamel risak sadèrèk-sadèrèk ingkang sampoen njamboet damel,

amargi samangsa katah ingkang sami neda pandamelan, tamtoe badénipoen blandja inggih kaengkrèt toet sakedik, temah sageda wangsoel kados djaman 25 taen kapengker malih. Ananging tangèh sagedipoen moendoer, tijang para moeda sampoen karsa madjeng neroesaken pasinaonipoen sadoemoegeinipoen, tegesipoen boten medot, dawah tengah boten, inggil boten. Amargi sampoen ngantos kasèp, kadoewoeng ing wingking.

Manawi boten klentoe examen kanggé Klein Ambtenaar ing poendi-poendi badé katoetoe roemijin, sadangoenipoen nagari taksih kekirangan jatra, dados tètela inggih certificaat tamat H. I. S. saking pangkat telas-telasan, inggih badé toemoet prihatos sakedik. Sadèrèk „Babal Boender” ing Sw. T. no. 29 nerangaken bab katah jatra pembajaran saking pamoelangan satoenggal-satoenggalipoen, ngantos doemoege ing pamoelangan angka II. Bab jatra pembajaran sekolah saben moerid, poenika boten kènging kanggé oeger-oegeran, poendi ingkang katah mbajaripoen, badé inggil pangkatipoen, poenika boten leres. Tjubi djamanipoen wonten examen K. A. katah laré-laré oetawi tijang-tijang ingkang sampoen njamboet damel sami mendet cursus K. A. dangoe-dangoenipoen 3 taen sampoen angsal K. A. diploma, atosipoen sami kalijan tamatan H. I. S. 7 oet. 8 taenan. Bilih manoe theorie tamtoe wedalan angka II trimah dados oppas, soekoe saged pikantoe pangkat *schrijver* sapanginggilipoen. Déné kanggé wedalan H. I. S. sasaminipoen, saged dados apesipoen *schrijver*, leerlingklerk oet. klerk klas 2, nanging wonten oegi boten oesah nganggé dienstexamen, sareng wedalan angka II sampoen tamtoe inggih tangèh sagedipoen sami toemrap djaman samangké, béda kalijan roemijin-roemijin, jèn wedalan angka II, manawi katingal montjèr wonten ing pandamelan, dasar laré-tjandakan, sampoen tamtoe saged njamèni. Kanggé dienstanneming pijambak rak sampoen sanès, kaotipoen namoeng srana examen kanggé wedalan angka II, sareng H. I. S. sasaminipoen boten oesah. Sarehning wedalan H. I. S. temboengipoen Wlandi taksih katah bédanipoen kalijan laré² wedalan E. L. S. oet. H. C. S., mbokbilih poenika ladjeng namoeng kanggé tambal boetoe. Begdja ingkang saged njamboet damel wonten kantoring nagari, sabab ladjeng nampi blandja tetep manoe pangkatipoen: „Hulpschrijver B. B.” saged nampi f 20. — kanggé sapisanan, sanès kantor bilih tetep klerk klas 2 tampi f 45. Samanten bilih katitik larénipoen lantip sarta saé basanipoen Wlandi, éwasamanten saking kiranging pandamelan wonten ingkang mlebet dados Contract Deli wedalan Mulo oetawi H. I. S. Poenapa narimah ingkang poendi: sakedik adjeg, kalijan katah moeng godjak-gadjek nampinipoen. —

Poen

OEDJOENG-KANAL.

TOERISME.

NOEMPAK SEPOER.

Sampoen katah sanget boekoe-boekoe oetawi pratélan ingkang mra- telakaken bab noempak sepoer, nanging ingkang katah prakawis ingkang ageng-ageng kémawon, kilap manawi wonten boekoe oetawi sanèsipoen ingkang langkoeng ngewrat, langkoeng ndjilmet. Dados ngriki namoeng mewahi manoe toemerep koela.

Tijang noempak sepoer mesti kémawon kedah toembas kartjij, jèn kartjij waoe itjal tijang waoe mesti kadenda.

Sapoenika jèn wonten ing salebeting kréta, para panoempak kados-poendi? Kadjawi mirsani tijang-tijang ingkang kinantèn ing aksara Cl. BR. DR. spn. (Poenapa tegesipoen aksara poenika kilap), koela atoeri ngepèki (njatet) oepami Cl: 134 spn; para maos mesti pitakèn „lo, tèk kaja journalist, kok nganggo njotat- njateti barang!” Inggih pantjen radi mèmper kados satjaranipoen journalist sakedik.

Manawi noempak sepoer, ing mangka mbekta barang-barang katah, ingkang gadah poenika rak samar manawi itjal oetawi risak oetawi malih sasampoenipoen mandap saking gerbong barangipoen kantoen margi saking kesoepèn oetawi kiroehipoen margi katah barangipoen. La, manawi kelampahan kados makaten kados-poendi mangké, poenapa dipoenpadosi? Begdja manawi sepoeripoen dèrèng mangkat lan taksih kemoetan panggènanipoen nalika ing gerbong toer barangipoen dèrèng kapendet tijang sanès; oepami boten kepanggih gèk kados-poendi kawontenanipoen tijang waoe. Manawi tijang waoe kemoetan nalika saweg linggih ing gerbong nglampahi kados satjaranipoen journalist

VAN LITH STICHTING

Mangga! — Mangga!

SINTEN

ingkang dèrèng dados

CONTRIBUANT

V. L. S.

énggal koela atoeri

loemebet.

Penningmeester V. L. S.

2e. Convict.

Moentilan N. I. S.

inggih ladjeng dipoen-gagahi saking kepèkipoen, ladjeng witjanten makaten: „Wis, adja kakèhan omong, daklapoer karo stationschef!” Ma-

nawi boten lepat, stationschef takèn nomering gerbong lan barang poenapa ingkang kantoen. Chef ladjeng tilgram. Jèn barangipoen taksih wonten inggih kawangsoelaken barangipoen; jèn sampoen itjal tijang waoe angsal tempoh. Nanging sadaja poenika kedah ngemoeti ingkang sampoen koela atoeraken. Awit katah tijang ingkang barangipoen itjal namoeng kèndel kémawon margi boten ngertosipoen. Langkoeng-langkoeng para siswa jèn dong liberoan poenika ratjak anggènipoen sami kondoe samu beкта barang-barang. Awit limrahipoen salebetipoen wonten ing sepoer sami seneng-seneng, kabekta saking katah kantanipoen. Kesoepèn dateng rembag koela waoe; jèn kelampahan kados makaten, mesti wonten salah satoenggil oetawi langkoeng ingkang kasoelasan margi koperipoen wonten ingkang itjal, kantoen ing sepoer. Sampoen limrah, manawi badé gantos sepoer (langkoeng-langkoeng sepoer tjandakipoen sampoen mèh mangkat) wah, kados poenapa kémawon raosing manahipoen.

Mila manawi dong noempak sepoer ingkang ngatos-atos! Sampoen soepé njatet nomering gerbong!

Sampoen semanten kémawon.

Poen Fr. Abh. Indramajoe.

ÈKONOMI.

BATIK RAPPORT.

(Petikan saking palapoeranipoen t. P. De Kat Angelino).

Kawontenan ing Banjoemas.

Anetepi kasagahan koela, saking sakedik wonten Swara Tama ngriki koela badé metikaken palapoeranipoen t. P. de Kat Angelino prakawis pangaotan ambatik

Panggotaan ambatik poenika, wonten Banjoemas sakalangkoe madjeng, soemrambah ing sakoekoeban ngrikoe. Roemijin-roemijinipoen ingkang ambatik namoeng garwa prijantoen, déné tetijang èstri padoesoenan ingkang katah-katah sami nenoen (1830). Anggènipoen ambajar paos saking anggènipoen nenoen waoe. Sasampoenipoen Banjoemas kabawah goepèrmèn, inggih ladjeng wonten njonjah-njonjah Indo ingkang mrasoedi kagoenan poenika. Inggih ngawiti roemijin Mevr. Van Oostrum. Tetijang èstri padoesoenan anggènipoen sinaoe ambatik inggih wonten grijanipoen garwa-garwa prijantoen sarta njonjah-njonjah Walandi, saladjengipoen ladjeng katoelaraken dateng doesoer. Ing sakawit anggènipoen ambatik tetijang padoesoenan waoe wonten ing lawon tenoenanipoen pijambak. Bèndjing-bèndjingipoen sami ambatik wonten mori meslim lss. saking Keboemèn. Tetijang Prijangan sami anggatosaken pangaotan ambatik ing Banjoemas. Dangoeng-dangoe katah tijang èstri Banjoemas ingkang dipoenpikat njamboet damel wonten papan ambatik ing Prijangan.

Taen 1914 perang ageng. Teti-

PANGANDIKA DALEM I.S.K. SANTO BAPA LEO XIII.

I. Samangké gesang kakantjan oetawi sasarengan poenika badé manggih babaja. Sababipoen kedah dipoenpadosi.

a. Ing salebeting gesang kakantjan poenika katah widji-widji ingkang damel onar. Ngriki-ngriki sampoen wonten toempekan kadjeng obong, namoeng kantoen ngentosi kabongipoen. Inggih kados makaten poenika langkoeng-langkoeng pinanggih ing prakawis ingkang gadèngan kalijan kaeom be-rah. Para pangagenging pradija sami koewatos sarta ngoepados réka sagedipoen noelak babaja waoe, lan sagedipoen mepeti margi ingkang dipoenambah ing golongan, ingkang mawi sarana kasangsaraning tetijang, sami ngoepados indaking kekijatan woelasan ladjeng ngraman, adamel kapitoenaning pradija nagari.

(Encyclic: Jam pridem 6 Djanoe- wari 1886).

II. Sababing kiroeh.

b. Sababing djaman kiroeh ing samangké, ingkang medal saking kabatosan, inggih poenika ingkang nomer satoenggal: lembèk anggènipoen nglampahi agami. Manawi mripating kabatosan sampoen boten poeroen ngingetaken nginggil, namoeng ningali ing siti tok, poenika katresnan ingkang damel kempal ladjeng soeda, sarta dipoen-gantos watak kamélikan, ingkang damel petal. Djalaran saking poenika ladjeng wonten pasoelajan ingkang boten kanten-kantenan, nanging dipoenpoelas ing lalamisan, ladjeng wonten watak kemèren lan pados oer- mat, ing sadaja papangkataning gesang kakantjan anggènipoen kirang tentrem saja mindak. Tetijang sami sanget kapuloeje dateng keneh-kenèh, ingkang ndjalari damel kiroeh lan pasoelajan. Ing djaman kados makaten poenika para bangsa sami kados-kados medal saking kodratipoen pijambak kraos betah katen- treman. Anggènipoen pados katen- treman waoe tanpa kendat. Nanging boten badé angsal katentremen sad- jati, djalaran kesanggetan kasoepèn- ipoen dateng Pandjenenganipoen, mangka namoeng Pandjenenganipoen ingkang saged paring katentremen. (kapetik saking: *Molti e segnalati*, 23 Désèmber 1893).

jang Tionghoa sampoen dangoe soem- merep babatèn katah ingkang pinang- gih wonten panggotaan ambatik. Ladjeng njanak tetijang Djawi, sarta wasananipoen saged mangertos prakawis ambatik.

Tionghoa ladjeng ngedegaken pa- pan ambatik. Djoeragan-djoeragan bangsa Éropa, Tionghoa lan Indone- sier Djawi, sami rebatan pados pangobèng. Épahan teroes dal-dal mindak. Katah tijang djaler ingkang trifah wonten grija momong, ngan- tos ladjeng wonten oengel-oengelan: „Èstri kanggé djaler, djaler kanggé èstri.”

DJAGAD WANITA.

KASOEDA 5% MEKSA DÈRÈNG KRAOS?

Ing poendi-poendi panggènan sadéngahing abdinipoen Kangdjeng Gouvernement (priantoen B. B.), *Indonesier, Welandi, Tjong Hwa*, sampoen sami damel parepatan perloe badé mrotest bab soedan blandja 5%. Sanadyana pamrotest-ipoen prasasat soendoel ing ngawijat, malah *Volksraad* pijambak inggih mrotest, nanging tanpa goena babar pisan; awit prakawis poenika saking kar- saning Regeering kedah kalampanan, dados kita inggih kedah namoeng nglampahi. Saja nalangsa malih bènd- djing taen ngadjeng, inggih poenika wiwit tanggal 1 Januari 1932, *Regeering* teksik kersa badé njoe- da blandjaning abdinipoen Kangdjeng Gouvernement, toemrap ingkang blandja f 50, minggah badé kasoeda 10%. Malah nalika tanggal 10 Juli 1931, ing *Kebon kéwan (Dieren Tuin) Batavia-Centrum*), inggih wonten parepatan perloe ngrembag soedan blandja 10%.

Prakawis soedan 10% boten badé koela rembag ing riki; déné ing- kang badé koela rembag prakawis soedan 5% waoe, nanging pangrem- bag koela poenika boten kok koela badé mrotest. poenika boten; awit barang sampoen kedah kalampanan, toer badé mrotest sakajangipoen poenika inggih tanpa goena.

Ing nginggil koela sampoen damel sesirah: „Kasoeda 5% meksa dèrèng

kraos?”

Pramila koela kamipoeroen damel sesirah kados kasbat nginggil, awit koela naté dipoenadjak wawan pangandika kalijan salah satoenggiling prijantoen, makaten anggènipoen ngandika dateng koela:

„Sampéjan kraos poenapa boten, blandja sampéjan kasoeda 5%?”

Koela tjaoes wangsoelan: „Manawi toemrap koela inggih kraos soeda katah sanget, awit 5% waoe pan- tjènipoen kènging katandjakaken da- teng Sw. Tama, Soeara-Katholik, Tamtama-dalem toewin dateng Van Lith-Stichting.”

Prijantoen waoe ngandika malih: „Jèn toemrap koela kok boten kraos soeda.”

Koela ladjeng gentos njoewoen priksa: „Lo, kados-poendi, kok boten kraos soeda, poenapa pandjenengan boten (dèrèng) dados lengganan Sw. Tama, Soeara-Kath., Tam- tama-dalem toewin dados wargan- ing V. L. S.?”

Prijantoen waoe paring wang- soelan: „Dèrèng?”

Dèrèng???

Wé, la, kodjoer ané, satoenggi- ling prijantoen Katholik dèrèng da- dos lengganan serat kabar Katholik.

Gèk sinten ingkang badé maos serat kabar Katholik, manawi boten kadang Katholik pijambak? Inggih déné Katholik malih poeroena maos.

Langkoeng-langkoeng jajasen V. L. S. kadang Katholik kedah nan- dangi ingkang temenan, awit poenika jejasan kita pijambak, toer manoe jagasan Katholik jajasen V. L. S. poenika anggadahi sedja ingkang

loehoer pijambak. Malah nalika parepatan R. K. D. B. tanggal 12 Juli 1931 poenika, sadèrèk *Baskoel* inggih njoengolaken bab V. L. S., nanging sadjakipoen kok boten kang- gé. Déné sababipoen panjerat boten mangertos, poenapa anggènipoen njoengolaken kirang *gambang*, poe- napa kados-poendi.

Sapoenika gentos ingkang koela rembag, inggih poenika prakawis serat kabar Sw. Tama.

Panjerat mireng raraosanipoen sa- lah satoenggiling kadang Katholik, pramila boten (dèrèng) dados leng- ganan serat Sw. Tama, awit Sw. Tama boten nglegakaken. Tegesi- poen, bilih dipoenkintoeni karangan boten temtoe (mesti) kapatjak wonten Sw. Tama. Bab poenika sanadyan koela pijambak déné satoenggiling warganing Redactie Sw. Tama, nan- ging panjerat saged tjaoes wangsoe- lan sakedik; mila Redactie boten karsa matjak salah satoenggiling kara- ngan poenika, temtoenipoen kagalih kirang-prajogi, toewin mbabajan toem- rap Redactie sarta toemrap da- teng ingkang nglebetaken karangan. Awit Redactie boten sakedik tetang- gelanipoen, sisih sembiripoen saged manggih *retribed*, semanten oegi toem- rap ingkang nglebetaken karangan.

Malah nembé poenika *Landrecht Senen (Batavia-Centrum)*, mentas moetoes prakawis tijang nglebeta- ken karangan wonten ing salah sa- toenggiling serat kabar ing kita Djakarta. Inggih nglebetaken waoe tijang kalih, ingkang satoenggal da- mel karanganipoen, déné satoenggal- ipoen ingkang njerat; kakalihipoen sami kagoegataken. Wasana poe- toesianing *Landrecht* kakalihipoen sami kaekoem, ingkang no. 1 kaee- koem 8 woelan, ingkang no. 2 kaee- koem 5 woelan.

Poenika lo, sandoengan tijang

nglebetaken karangan!! O, inggih, kesoepèn, djeboel mlèntjèng ke- kataben, mawi ngrembag *Landrecht* poenapa. Sapoenika ngladjengaken bab karangan ingkang dateng Sw. Tama, jèn mila karangan waoe *pantes* lan boten *mbabajani*, koela poeroen tanggal bilih Redactie sa- mangsa tampi karangan, temtoe karsa ngewrat wonten madyaning Sw. Tama. Pramila sampoen kapok mangga sami nglebetaken karangan soekoe bagé pasang advertentie, lan mangga sami lengganan Sw. Tm.

Minangka panoetoeiping atoer koela, mangga para kadang Ka- tholik sami woengoea anggènipoen saré, sampoen ngétja-étja *Hjang Bagaskara* sampoen *trontong-trontong*, toewin sampoen katah sawoeng *kloeroek*, sarta peksi inggih sampoen katah ingkang *sami ngotjèh*, poenika mratandakaken bilih sampoen *ban- goen raina*. Manawi boten kesoe- pèn koela roemijin naté dipoenpa- ringi puiwoelag déning para sepoeh makaten: „Jèn kowé tangi toeroe ing wantji èsoek, adja nganti kalah disik karo srotong srengéngé lan kloeroeking djago.”

Sesanti koela sepisan malih, mangga woengoe, tjantjoet tali wanda. Jèn pandjenengan boten seneng dateng basa pandjenengan pijambak, sinten ingkang badé seneng?

Koela poen: Adaninggar.

AWAS, PARA KADANG KITA WANITA INDONESIA!

Awas! P. P. P. P. A. awas! (Saking rara Soe-hardjiah ing Pp. Poerworedjo).

Nembé poenika serat kabar mng- gon: Bende, no. 24, martosaken; bilih serat kabar De Locomotief (no- mer pinten, tanggal pinten boten

kasebataken. Eman! S.), mentas nge- wrat advertentie ingkang wisipoen kados ing ngandap poenika:

Djedjaka kalih ingkang taksih nèm lan anggadahi montor, ing sawetawis wekdal malih badé damel pelantjongan dateng Nja- jodia (TEMTOENIPOEN DATENG MAN- TJINGAN. S.), sawatawis dinten.

Ing salebeting melantjong pados kanta- ja prawan kalih ingkang taksih nèm lan roe- pinipoen djèmpi, kapoerih toemoet.

Ing riki, koela sareng soemerep kabar advertentie ingkang kados ma- katen ladjeng nggadahi pangraos, manawi njata saèstoe, poenapa pers petak kasbat, ingkang medal lan soemeban wonten ing noeswantara tanah woetah rah kita Indonesia riki poeroen matjak advertentie ma- katen, poenapa boten nama melèh- aken lan mblesekaken bambengoking kadang koela-warganipoen pijambak? Ing basa Mladjengipoen ingkang matis; memboenoh kawan sendiri! Toewan H. J. Slegtenhorst, kados makaten poenika poenapa boten ngo- welaken? (Zie „Ontjen” Sw. Tm. no. 48, 28-11-'30).

Kadjawi poenika, jèn advertentie waoe jektos, boten namoeng ètok- ètokan kémawon, poenapa poenika déné tapakipoen sang „badjoel” alias „handel in blanke slivinnen”? Margi ing Éropa mawi migoenaka- ken advertentie poenika boten lang- ka!

Amila para mbakjoe lan para Di- adjeng, Poetri Indonesia, ingkang waspada lan awas. Sampoen ngantos kedjloengoepl! Jèn mireng swanten manis kados makaten poenika, ing- giha sangkanipoen saking péhak Ki- lénan, inggiha saking péhak Wétanan; sampoen karèwès! Mangga sami nglenggahi moenggoehing Poetri In- donesia!

P. P. P. P. A. ingkang awas dateng ébah-mosiking sang „badjoel”! Sam- poen léna!

*) Koela saged ngatoeraken makaten poenika, djalaran koela maos Het Middel- baar Onderwijs ingkang dateng dinten Saptoe tanggal 11 Juli 1931 no. 15, organ van de Vereeniging van Leeraren en Lee- rersessen bij het M. O. In Ned. Indie.

TJATETAN VOLKSRAAD.

Ontjen koela dinten poenika njatet rembag sawatawis ing Raad Kawoela. Kénginga kagem péngetan.

a. Islam lan Kristen.

Wonten paretapan Volksraad dinten Senèn 20 Djoeli kala ngrembag pérangan Eeredienst, t. dr. Abdoel Rasjid mawi tjarijos soeraosipoen:

a). Anggèni anggènipoen dados tijang Islam boten poeroen anjéda piwoelang Kristen. Dados: aos ingaosan.

b). Warga poenika, ngadjengi ma-lebetipoen agami poenapa kema-won wonten gewest Tapanoeli. Kristen, . . . poenapa kema-won boléh masoek, waton mawi organisasi ingkang dipoen-akeni oemoem.

Gandèng kalijan b. ingkang koela manah perloe sanget poenika, para maos koela petikaken anggènipoen Bintang Timoer no. 166 njatet rede waoe, makaten:

„Dan dimana bangsa di Tapanoeli terdiri roepa-roepa agama, maka menoeroet pema-dangan saja, disanalah djalan yang dapat dioendjoek boeat mengenalkan perhoebongan yang soedah ada dan mengizinkan masoeknja semoea peladjaran pendidikan rohani asal sadja disertai dengan peratoeran badan agama yang diakoei oemoem.

Kemerdekaan agama ada soeatoe permintaan yang tentoe dari djaman yang modern. Dan barang siapa yang tidak melihat itoe maka ia memperhatikan pengetahuan Kristen dari djoeroesan kolonialie verhouding dan membalikknja pada ingatan kolonialie. Berhoebong dengan ini hal saja ingin mintak pada pemerintah soepaja diperkenankan pada Roomsche Katholieke boeat memperloekaskan kalanggarna kesegapan bagian dari itoe gewest. Poen terhadap Adventisten ini permintaan saja madjoekan. Djoega mereka itoe dapat diperkenankan dengan seloesnja akan mengembangkan peladjaranja disitoe gewest. (Makaten sosorahipoen t. A. Rasjid.)

Jèn koela boten kléntoe, t. Kasima wonten Volksraad inggih kawedal pagadjeng-adjengipoen mardikaning loemebetipoen agami wonten sa-toenggiling papan. Dados sampoen ngantos dipoenmonopoli agami sa-toenggiling.

Sosorahipoen dr. Ad. Rasjid, kle-beta wonten manahipoen ingkang sami moengel: „Agama Kristen adja mleboe ing Indonesia.”

b. Sinten ingkang dipoenalem regeering?

Saben tijang mangertos. Manger-tos anggènipoen warga Raad Kawoela t. Natasoetarsa nglairaken kandelang katresnanipoen dateng regeering. Djer warga wakilipoen P. M. I. poenika mratélakaken wonten sawingkinging paréntah. Dados balanipoen regeering.

Lan, sabèn tijang inggih manger-tos anggènipoen warga t. Sosrahadi-koesoema nglairaken katresnanipoen dateng regeering mratélakaken langkoeng seneng kabawah Walandi tinimbang oepami kabawah Itali.

Soemerep makaten poenika, mesti katah ingkang mastani: regeering mantep sanget.

Nanging, . . . kados-poendi kawontenanipoen? Lairipoen? . . . Dinten Djoemoewah 24 Djoeli wakil paréntah babagan prakawis oemoem t. Mr. Ir. Kiewiet de Jonge nglantaraken katranganipoen regeering toemprap wawanipoen warga-warga Raad Kawoela, kiwa lan tengen, ingkang toemandoe dateng tindakipoen paréntah. Pangandika-nipoen wakil paréntah waoe wonten ingkang soeraosipoen ngalembana warga t. Sasrahadikoesoema sarta t. dr. Abdul Rasjid.

Wedaring atoeripoen t. Sosrahadikoesoema ingkang dipoenalem-bana paréntah inggih poenika anggènipoen neda soepados dipoen-ichtijarana temenan sagedipoen laré dados: „een karaktervol en hoogstaand mensch, waarop de maatschappij inderdaad kan steunen en bouwen” . . . Dados neda soepa-dos dipoenichtijari temenan sageda

poen laré (Indonesia) dados tijang ingkang awawatekan tjekap, inggil boedinipoen, ngantos kénging sa-estoe dipoenanggé tatalesing maat-schappij.

Dados ingkang dipoenalem-bana ing regeering, sosorahipoen ingkang anggepok adjenging ékonomi toewin kasoesilan. Nanging, pérangan poe-litik, pérangan „lebih senang ter-pertah Belanda dari pada Itali oempamarja” babar pisan boten dipoen-sénggol.

Ladjeng, . . . t. Natasoetarsa ingkang mratélakaken dados balanipoen regeering, wonten katranganing pa-réntah waoe boten tinanggapan.

Koela inggih boten ngedjibaken, bilih kawontenan makaten poenika mratandani regeering boten mong-kok boten barang, boten bingah boten barang, pikantoe prasetyaning katresnanipoen warga t. Natasoetarsa lan t. Sosrahadikoesoema. Nan-ging, njatanipoen wonten katrang-anipoen paréntah waoe katresnaning warga kaseboet nginggil, boten di-poen-gepok.

Sapoenika, rede-nipoen warga t. dr. Abd. Rasjid. Bagéjan poelitik wonten ingkang moengel makaten:

„Als practisch nationalist aanvaard ik het Nederlandsch gezag, omdat ik weet, dat gezag wet is, en alleen waar wetten zijn is ontwikkeling mogelijk. In hoeverre het bijvoeglijk naamwoord „Nederlandsch” zich kan handhaven in den eeuwigen duur van den tijd, is een vraagstuk, welks oplossing gerust aan de toekomst kan worden overgelaten, omdat het nauw samenhangt met de toekomstige interpretatie van wat „recht” is.”

Dados t. dr. A. Rasjid, tjarijos. . . . Angloenggoehi anggèn koela dados nasionalis practisch (loewes-an?) koela nampi papréntahan Ne-derland, djer koela mangertos pa-ngawasa poenika oendang-oendang sarta namoeng ing papan ingkang wonten oendang-oendangipoen poenika saged wonten kamadjangan. Wondéné taksih sapinten dangoe-nipoen lestantoené temboeng Ne-derlandsch (wonten ngriki); poenika kénging kapasrahaken dateng kala mangsa ingkang badé dateng; djer poenika sambet sanget kalijan ang-gènipoen ing bédjning andjarwani „adil: recht” poenika poenapa.

Dados t. Abd. Rasjid poenika tjetanipoen tjarijos: „Bapa regeering. Koela boten poeroen dipoenereh Walandi salaminipoen. Samangsa kita sampoen kijat, nagari kita badé koela paréntah pijambak.”

„Als practisch nationalist aanvaard ik het Nederlandsch gezag” . . . Sa-djakipoen dokter poenika manger-tos samangké poenika tanpa goena sanadjan tjarijosa ingkang soeraosipoen noendoeng paréntah Walandi.

Redenipoen t. dr. Abd. Rasjid poenika nama saged ngarah-arab noedjoe prana, ngantos boten kénging dipoenwastani bala regeering kados t. Natasoetarsa, kosok-wang-soelipoen déning paréntah inggih boten kaanggep nationalist ingkang woeta.

Lan, . . . regeering ngaosi pamanggihipoen warga waoe, awit wakilipoen regeering wonten paretapan kasebat nginggil, soeka katrangan. „. . . De regeering, Mijnheer de Voorzitter, acht deze woorden reeel en sterk.” . . . Toe-wan Pangarsa, regeering nganggep temboeng poenika temen, njata, ma-ton, sarta kekah.”

Makaten tata lairipoen anggè-nipoen regeering anandoeki atoeripoen warga ingkang prasetya tresna, kalijan warga ingkang ngatingal-aken kabangsanipoen mawi tjara kados dr. A. Rasjid.

Kumuningsaselé 25 Djoeli '31. Taklim: Patjar Mérah.

Margi dajaning djaman rekaos, kala samanten papan batikan Djawi ladjeng ambroek saking sakedik. Kawon desoek kalijan golongan Tionghoa. Temahan tetijang Djawi ingkang katah namoeng berah némbok, medel, oetawi dados agènipoen Tionghoa. Margi kawon banda, kawon oebet, andjalari tetijang ngrioke ingkang waoenipoen madeg pijambak, dados kaoem berahipoen Tionghoa. Mesakaken! Badé kasambet. A. S. D.

PENGADJARAN ING INDONESIA.

VII.

Doemoegi titi mangsa poenika kita mangertos manawi pangadjaran ing tanah Indonesia djaman roem-mijn mila korat-karit sajektos. Basa Welandi boten dados kembang lam-bé kados wekdal samangké. Malah kados poenapa ingkang sampoen naté koela atoeraken, bilih laré-laré Welandi wonten ing grija boten mireng basanipoen pijambak ingkang kalijan saé, djer nalika samanten ingkang padjeng basa Me-lajoe lan basa Portugis. Kawontenan-ing panggoela-wentahing tijang sepoeh dateng anak-anakipoen djaman samanten inggih boten nama nglegakaken. Memelas kawontenan-ipoen. Boten maiben. Kabekta nalika djaman samanten tijang namoeng mboedjeng arta kema-won. Langkoeng-langkoeng djaman nagari ndawahaken pedang ngrangri blandja.

Babagan panggoela-wantah wonten ing grija poenika ageng praba-wanipoen. Manawi wonten ing grija angsal panggoela-wentah ingkang saé, inggih adamel sakétjaning goeroenipoen. Nanging kosok-wang-soelipoen . . . ?????

Kaom goeroe djaman samanten, kabekta saking kirang saéning pang-goela-wentah, katah ingkang sambat ing dalem batos; saja manawi pinoedjoe moelangkaken basanipoen pijambak. Fara ambtenaar-ambtenaar babagan pangadjaran tansah ngoelir boedi kados-poendi sagedipoen ndadosi, sagedipoen njaekaken.

Ing artikel koela ingkang sampoen-sampoen koela matoer bilih partikelir oegi ngadani pamoelangan. Pamoelangan waoe wragadipoen langkoeng awis jèn katandjing kalijan pamoelangan Goepermèn; dados ingkang njakolahaken ing rikoe ra-tjakipoen tijang ingkang tjekap-tjekap. Anak-anakipoen tijang ingkang marat-marat kalebetaken dateng „bewaarschool”. Bewaarschool poenika waoenipoen ingkang wonten namoeng ing Betawi, nanging ladjeng ing poendi-poendi panggénan ingkang ramé-ramé. Bewaarschool poenika tampi pambijantoe saking pamaréntah. Wontenipoen bewaar-school pamaréntah nalika samanten ngraos manawi boten perloe ngadani pamoelangan fröbel. Nanging dangoe-dangoe inggih ladjeng ngakeni manawi pantjen perloe pama-réntah ngadani pamoelangan fröbel. Ing th. 1919 madeg pamoelangan Goeroe fröbel kanggé sadaja bangsa.

Sampoen wiwit th. 1848 pama-réntah jasa pamoelangan kanggé anakipoen para militair. Pamoelangan waoe madeg ing Gombong. Boeahipoen katah anakipoen para militair, ingkang ladjeng angsal pangkat ingkang inggil - inggil wonten ing djagad militair. Nanging pamoelangan waoe saja dangoe saja moendoer, kabekta ladjeng saja sakedik mbeta-haken dateng ambtenaar-ambte-naar ingkang tjekap-tjekap. Ingkang wekasanipoen ladjeng katoetoe-p. Makaten katrangan ingkang koela panggih saking kitab peringatnan Hindia Belanda. HERCULES.

SEKOLAHAN.

INDISCHE STAATSREGELING ART. 179 - 182, SEKOLAHAN ING INDONESIA.

Ing Sw. Tm. no. 27 ddo. 3 Juli '31, koela sampoen kamipoeroen badé ngatoeraken bab Indische Staatsregeling art. 179 - 182 i. p. „Bab wontenipoen Onderwijs ing Indonesia.” Sadèrèngipoen koela njawoen pangapoenten dateng para maos, déné ing andaran koela kapengker wonten oekarani-poen ingkang gotang, ngantos radi peteng wosing atoe koela; i. p.: kadjeng koela sanadjan mitoeoret pakabaran békdjing taoen '32 nagari taksih tekort 290 joetan, bok inggih nagari kersaa jasa sekolahan doeso-en malih toewin paringa soeb-sidi dateng pamoelangan partikelir-par-tikelir malih, awit tijang alit mila taksih ambetahaken.

Andjawi saking poenika koela njawoen pangapoenten dateng sar-djana Hercules; déné atoe koela poenika dapoer kados déné ngen-das-endasi goebahanipoen; ing saka-wit sedyo koela namoeng badé anggondéli soewakipoen piwoelang basa Mladjeng lan ilmoe boemi

wonten ing sekolahan doeso-en, dje-boel anggèn koela ngobrol kelantoe-lantoe. Sareng sapoenika pèn koela kapeksa boten koela djalanaken, nanging batos koela taksih oetek angrénda, amargi koela mentas njawoen priksa dateng schoolop-ziener ingkang pinoedjoe saweg mriksa sekolahan koela, inggih bab kasebat, paringipoen wangsoelan namoeng tjekak aos: „Inggih sanadjan sekolahan Kasoeltanan boten angsal soeb-sidi saking nagari, nan-ging namoeng kedah mitoeoret dateng Onderwijs inspectie!”

Rèhipoen koela poenika boten faham dateng djawi lebetipoen Onderwijs-inspectie dados inggih meksa dèrèng mareng; malah sadjakipoen ingkang kagoengan koewa-djiban ladjeng oedoe rembag i. p. oesoelipoen sadèrèk goeroe doeso-en Missie, wontenipoen piwoelang basa Mladjeng ing sekolahan C. g. d. prajogi kasowak, déné teka sareng sampoen dados goeroe boten gadah wenang moelangkaken basa waoe. Swara ingkang makaten waoe tanpa daja, samangsa para sadèrèk goeroe doeso-en Missie dèrèng saged ngem-pal dados sabarisasi. Bab nama samanten oegi, koela borongaken pandjenengan sadaja ingkang badé ngagem.

Sampoen! Sapoenika koela badé ngatoeraken kasagahan koela:

Bab wontenipoen „Onderwijs” ing Indonesia poenika kasebat ing serat Indische Staatsregeling art. 179 - 182.

§. 179 „Piwoelang oemoem. (Openbaar „Onderwijs” poenika satoenggiling prakawis „ingkang tansah dados pangalihnipoen (pandjaginipoen) Gouverneur-Generaal. „Bab tatanan dipoentetepaken mawi alge-meene verordening, ingkang angaosi kanti „kejakanan dateng agaminipoen tijang sa-toenggiling-satoenggiling.

„Verslag (Sang Nata ing Staten-Generaal „ie toewin Ze Kamer) prakawis kawontenanipoen Koloniën kados ingkang dipoenka-djengaken ing art. 60 Grondwet kedah „nerangaken staat wontenipoen piwoelang oemoem (Openbaar-Onderwijs). (Openbaar-Onderwijs poenika sekolahan jasanipoen „Paréntah: Bizonder-Onderwijs poenika „sekolahan particulier). Oegi wontenipoen „piwoelang kanggé tijang siti.

§. 180 „Piwoelang toemrap dateng bangsa „Eropa toewin toemrap bangsa ingkang „kasamèkaken, poenika merdika namoeng goeroenipoen kedah kadadar ing kasagedani-poen, poenapa malih saéning kalakoanipoen. §. 181 „Mitoeoret (tjodong) tatanan ing-„kang katetepaken ing Ordonnantie (Veror-„dening) kedah njekapi wontenipoen seko-„lahan openbaar sarta andap ing poendi-„poendi panggénan, perloe njedijani kawoela „Eropa toewin njekapi kalonggaran ang-„gènipoen badé netepi prakawis waoe. §. 182 „Gouverneur-Generaal andjaji „(mengalih) soepados ngawontenaken pa-moelangan kanggé tijang boemi.

Ing wasana manawi wonten toeni-doengkap toewin kitaling basa toewin pamawas koela, moegi-moegi para winasis karsaa paring dawoeh pangandika ambirat kalep-tapan koela, toewin atoe koela waoe kénginga kanggé mawas wontenipoen Onderwijs ing Indonesia gandèng kalijan Indonesia djaman sapoenika.

Kembang aroem Juli '31. poen: AQUINA.

SERAT INGGANG KATAMPI.

I. Baoesastra Djawa anerangaken tem-boeng-temboeng, paribasan, temboeng kawi, tjandra sangkala, wangsalan, oentèn-oentèn. Djilid I. A.-L. jasanipoen W. J. S. Poerwa-darminta kabantoe C. S. Hardjasoedarmo toewin J. Chr. Poedjasedira, mawi dipoen-boeboekani déning Dr. Th. Pigeaud. (Druk-kerij Canisius-Djokja).

La rak makaten! Saweg sapoenika wontenipoen Baoesastra Djawi-Djawi. Toemrap sadèrèk Djawi ingkang boten ngertos tjara walandi Baoesastra poenika mikantoeiki sanget, dalasan ingkang ngertos basa walandi inggih mikantoeiki, djalaran awis ingkang gadah Gericke-Roord. Toemrap tijang Djawi, Baoesastra kados makaten poenika satoenggiling sarana kanggé ngemoelakaken kasoesastran, djer mangertosipoen dateng temboeng mindak, pamaosipoen boeko-boeko kasoesastran langkoeng gampil, woena-ladjen katoemoesan saged dados ahli ka-soesastran. Mila sadèrèk Poerwadarminta lan pambantoenipoen pantes ingalem déné medal peng-penganipoen, langkoeng-langkoeng déné nedahaken jèn golongan Katoe-lik poenika boten kalebet sapélé. Namoen-ging sarèhné ing rikoe temboeng ingkang gan-dèng kalijan lampah djenes kaemot, mila jèn badé ngindakaken moerid pamoelangan ngandap bab kawroehipoen Djawi kados ingkang dipoenkarsakaken Dr. Pigeaud, pra-jogi jèn damel sanès ingkang alit ingkang karesikan, dados niroe toewan Koenen: Handwoordenboek, Schoolwoordenboek lsp. Sarèhné Baoesastra poenika dèrèng koela olak-alik, mila koela boten patos terang poenapa asring mangsoelaken pitakénan. Apes, sadaja temboeng-temboeng ingkang angèl ingkang kanggé ing pamoelangan li-mrah, kedah pinanggih ing rikoe. Déné jèn boten, bédjning prajogi kasoeakan „sup-plement (tambahan).” ngiras ngleresaken „drukfouten” kadosta ing katja 6: Poestaka . . . cf. Ing temboeng: koeswa, langon lsp. Saestoe Baoesastra poenika mikantoeiki toer regi f4,50 boten kawisen, timbang lan isinipoen.

II. Serat Oeran-oeran sekar matjapat, djilid 2 kanggé sinaoe njekar toewin njekar-aken toemrap moerid ing pamoelangan Djawi pangkat nginggil. Mawi aksara Djawi. Karanganipoen Radèn Mas Hardjosamito. Adrés: Radèn Mas Hardjosamito, Pastorie Solo.

Sampoen wiwit wontenipoen sekolahan Djawi, moerid-moerid kawoelang nembang, nanging damel tembang mitoeoret patokani-poen ingkang leres, dalasan samangké bok-manawi dèrèng kawoelangkaken. Oepami ka-lampahana, inggih namoeng sawatawis pang-génan. Mila koela bingah, déné sapoenika wonten serat bab damel tembang toemrap moerid-moerid. Djilid 2 poenika isinipoen béda kalijan djilid 1. Djilid 2 kénging

dipoenanggé ing sadéngah pamoelangan, djer, inggih leres ngemot piwoelang saé, namoeng kema-won saé waoe boten nge-moengaken toemrap golongan Katoelik, nan-ging toemrap saben tijang. Saged oegi wonten ingkang mastani koetjawa déné ing rikoe boten wonten „baoesastra” alit-alitan (woordenlijst). Bokmanawi goeroe sa-ged negesi lan nerangaken pijambak dateng moerid, jèn taksih angèl, nganggéa Baoesas-tra Poerwadarmintan.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK. INDONESIA

Missie ing Indonesia. „St. Claver-bond” Djoeni 1931, ngewrat Jaaroverzicht-ipoen Missie ing Indonesia. Ing ngandap poenika petikan statistik sakedik: Missionarisipoen ing poengkasaning taoen 1930: Rama: 301, Frater: 46; Broeder: 279; Soester: 1092. Goenggoeng: 1718. Tjatanging tijang Katoelik:

Table with 3 columns: Bawah, Eropéan, Dédé - Erop. Rows include Vicariaat Betawi, Prefectuur Malang, Prefectuur Soerabaya, Pref. Padang, Pref. Bengkoelen, Pref. Bangka, Blitoeng, Riau-Archipel, Vicariaat Borneo-Ned., Pref. Selebes, Vicariaat Nieuw-Guinea Ned., Vicariaat Poelo-Soenda Alit.

Goenggoeng: 682.54, 242.716 310.970

Mangka tjatjah-djiwanipoen Indonesia mitoeoret tjatjah-djiwan 1930 wonten boten kirang saking: 60.731.025. Dados ingkang sampoen dados poetraning Iboe Pasamoewan Soetji poenika prasasat dèrèng mingral Lan jèn tjatjahing tijang Katoelik dédé - Eropéan ing tanah Djawi (Vic. Betawi Pref. Malang, lan Soerabaya) katandjing kalijan ingkang wonten ing santès poelo oetawi panggénan, dawah nomer pinto kema-won?! Nanging kedah dipoen-éngeti oegi, missie ing tanah Djawi kanggé bangsa priboeimi poenika tak-sih nèm sanget; kawon sepoeh kalijan ing santès pangénan kadosta kalijan ing Vic. Poelo-Soenda-Alit. Ewa samanten sanadjana prasasat ragil, taminipoen „timbangan” roem-mijn pijambak. Inggih poenika ingkang noewoehaken raos matoer noewoen dateng Allah, lan anggregotaken tandang kita, soepados ingkang dèrèng, énggel sageda ngraosaken barkahing Sang Paneboes.

Voortrekkers Katholiek

Radio martosaken: Sakwenèhing Voortrekkers Katholieke Padvinders (Indonesiers) ing Semarang minggoe kapengker sami verkennen dateng ing Moentjoel sak tjelakipoen Ambarawa, mawi fiets. La, mbok inggih makaten sadèrèk, radi aksi!

Dinten Mélania-nan. Kados ingkang sampoen naté kawartosaken ing riki „Mélania-Werk” ing Betawi sapoenika sampoen gadah sakolahan laré èstri kalih, ingkang kalih-kalihipoen sami soegih moerid. Soepados jajasan „Mélania-Werk” waoe sageda saja kasoemerep lan binantoe ing ngakatah, bédjning tg. 2 Agoestoes ing Betawi badé dipoenwontenaken dinten Mélania-nan. Ing Grédja-Grédja badé wonten prèek bab „Mélania-Werk”; ing papan sanès concert lss. „Mélania-Werk” mila pantes sanget binantoe, awit toedjoenipoen: ambangoen Poetri Indonesia sadjatos. Milanipoen moegi angsala damel.

VATICAN

Ing Itali wonten pangoeja-koeja. K. St. Bapa wonten ing wedaran sabda ingkang kaseboet ing Sw. Tm. No. 30, mitoeoret De Tijd-correspondent taksih ngandika, jèn Ngar-sa dalem rinéntjangan boten namoeng djagad Katoelik, nanging oegi sapérangan ageng djagad dédé-Katoelik sadonja; jèn sadaja wartos-wartos ingkang ngenesaken kénging katjekak: i. p. kados-poendi kema-won sanadjan sampoen manèka-nèka anggènipoen njrijosaken lan badé amboektèkaken sanès, éwasaman-ten sadjatosipoen boten namoeng ing Mexico toewin ing Roeslan kema-won ingkang wonten pangoeja-koeja, nanging ing Itali inggih wonten. Sandjanganipoen, ing Itali Pasamoewan boten dipoenkoeja-koeja; poenika wonten leresipoen: ingkang dipoenplendir dédé Pasamoewan Soetji, nanging pepetinganipoen; dédé Bapa-baboenipoen, nanging telenging manahipoen.

Pinatah dados djoeroe nglantaraken. K. Kardinal, Mgr. Besson, Biskop ing Genève, angsal dawoeh andikakaken dados djoeroe lantarani-poen Vaticanan lan Volkenbond. Pamilihipoen K. S. Bapa kénging kawastanan boten klintoe. Dados sasambetipoen Vaticanan kalijan Vol-kenbond poenika mila boten gampil; nanging Mgr. Besson inggih sampoen kasoewoer linangkoeng ing kawroeh lan ngertos dateng wawa-takaning manoesa. Ing kalangan Volkenbond sami seneng mireng benoeman poenika.

Nawala bab pamoelangan loe-hoer. Kawartosaken K. S. Bapa sampoen paring nawala „Deus Sientia-rum Dominus”, ingkang ngewrat pranatan énggal kanggé pamoelangan loehoer Katoelik.

SEPANJOL.

Lenggahipoen Pasamoewan Soe-

Decorative border containing text: Sampoen kasedijakaken papan pondokan kanggé laré èstri ingkang sekolah. Sinaoenipoen dipoenelat - oelataken sarta dipoentoentoen. Wragad mondok lan neda: f 15.— HARDJADININGRAT GOENOENG-KETOER — PAKOELAMAN — NGAJOGJAKARTA.

CORRESPONDENTIE.

Karangan ingkang sampoen katampi, saking: Pak Hardja D. S. Teoneow, Laré wingking Grédja enz.; P. Ragil; tijang redi Merbaboe; V. J. Soeh; Adaninggar. Matoer noewoen. Nanging papan dèrèng sela. Sampoen dados panggalih. Red.

Abn. 27. A. Soemitta, Poerwokerto; abn. 588. L. L. Adi, onderw. Nglowar, Salami pandjenengan sami pindh dateng poendi? Adm.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran Swara Tama

dapat POTONGAN.

Frieling's Glansverf A

(tjèt gilap)

kantoen ngoesar-oesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo. sa - blèg 9.- 4,75 2,50 1,10 0,60

Kwaliteit (golongan) B, sa - blèg 10 Kilo f 6,50. 5 Kilo f 3,50.

Frieling's Verflak no. 1 sa - gendoel f 0,90.

no. 2 " " " 0,70.

Lisah tjèt Walandi " " " 0,50.

Byta kanggé ngitjali tjèt " " " 0,30.

Artistico Calcarium sa - Kilo " 0,75.

Glansverven (tjèt gilap) saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjèt R. B. FRIELING

HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN - DJOKJA.

TOKO MENANG

MADIOEN, SOLO en DJOCJA.

Selamanja sedia:

DRILL POETIH, DRILL KLEUR,

KAMHAR, LAKEN, TRICO,

TJITA - TJITA,

TOPI TOEAN, SAPOE TANGAN,

RENDA - RENDA, MINJAK WANGI,

DASI, KRAAG, KOUSEN,

dan laen - laennja.

SEMOEA BARANG BIKINAN EUROPA.

TOKO DJOEN & Co

TELF. NO. 374.

PATJINAN NGADJENG TOKO FUJI NGAJODJA.

KANTI SAGOENG OERMAT.

Manawi para Prijantoen Kakoeng Poetri ameng - ameng ing Ngajodja, sampoen kesoepon moendoet

KOEWIH-KOEWIH OETAWI ROTI

ing toko koela kanggé angsal - angsal; ingkang wonten ing dalem temtoe ngraos marem, awit roti lan koewih-koewih koela, ingkang pendamelipoen mawi Electricisch, sampoen misoewoer nikmatipoen.

Poenapa boten pitados?

Mangga koela atoeri njobi, temtoe rena panggalih Pandjenengan.

SANGET NJENJADANG SIH:

Toko DJOEN & Co.

tji wonten pradja-negari. Rantjangan grondwet énggal sampoen dados, nanging dèrèng kaabsahaken. Artikel 6 netepaken boten wonten agami ingkang kaanggep dados agamaning negari. Déné Pasamoewan Soetji kaanggep kados satoenggiling babadan publiekrechtelijk; makaten oegi golong-golongan sanès agami.

Dinten-Pers Katoelik ing Sepanjol. Saking karsanipoen K. Maha-Biskop ing Sevilla ing taoen poenika badé dipoenwontenaken Dinten-Pers Katoelik (K. Persdag) ageng-agengan.

INGGRIS.

Anglikan moendoer; Pasamoewan Soetji katah toer angel pandamelanipoen. Prabawanipoen Anglikanisme (agaminipoen pradja Inggris), mitoerocet Dr. J. B. Goets-touwers ing „Bode van het H. Hart”, saja soeda. Communi paskahan namoeng wonten 2000.000; mangka tjatjah dijiwanipoen: 40.000.000. Jèn pinoedjoe wonten ajahan agami, Grédja-Grédja sami anglondang; wonten papan 4.000 kanggé imam Anglikan tanpa wonten ingkang nglenggahi, margi boten wonten candidaatipoen. Tijangipoen sami boten merdoeli dateng agami; wawaton kasoesian, ingkang dipoenpendet namoeng ingkang dipoensenengi. Namoeing kémawon anggènipoen sengit dateng Pasamoewan Soetji, margi gadah panginten ingkang lepat, dèrèng sirep.

Amila sasanggènipoen tijang Katoelik awrat. Wonten pakempalan kalih ingkang katingal lababatanipoen kanggé adjenging Pasamoewan Soetji: „Catholic Evidence Guild” lan „Catholic Truth Society.” C.E.G. poenika pakempalanipoen tijang Katoelik limrah (leekan), djaler èstri, ingkang pandamelanipoen — poenika mawi idinipoen Pangagenging Pasamoewan Soetji,—ngandaraken piwoelang Katoelik wonten ing ngabahan. Sapoenika sampoen wonten tijang 600 ingkang nindakaken kados makaten. Sadaja pandamelan gratis. Déné C. T. S. poenika toedjoenipoen anjeban waosan Katoelik. Sapoenika sampoen wonten boekoebokoewoer toewin lembaran-lembaran sak mijloen ingkang dipoensebaraken. Ing taoen 1929 tijang ingkang mlebet ing Pasamoewan Soetji wonten: 12.075; wiwit taoen 1920 doemoegi taoen 1929 goenggoeng: 121.973. Tjatjahing Imam seculier (ingkang boten moedjoedaken gotrah: Ordo netawi Congregatio): 2.879; Imam gurulier (ingkang moedjoedaken saha satoenggiling gotrah): 1.587. Grédja: 1.597; kapel: 649; Sekolahn Tengah: 611, moeridipoen: 58.822; Sekolahn andap: 1.351, moeridipoen: 379.484. Kadjawi poenika wonten Grédja tigang dasanan ingkang saweg dipoen-garap: katedral ing Liverpool, ingkang manoet rantjangan wragadipoen: L. 3.000.000(L.f. 12,—) inggih saweg dipoen-garap oegi.

INDIA KILÈN.

Missie ing Curacao taoen 1930. Mitoeroet Kol. Missietjdschrift ing rika wonten tijang Katoelik: 64.014;

tjatjahing idjab: 602; laré sekolahn: 8.759. Ing Wishi (Curacao) lan St. Nicolaas angsal Grédja énggal.

AMERIKA SARÉKAT.

Wadi-Bih dipoenajomi ing angger-angger negari. Saking St. Paul, kitanipoen staat Minnesota, dipoenwartosaken wonten artikel dipoenlebetaken ing Boekoe-angger, ingkang soeraosipoen kados makaten: boten kénging poenggawa agami (geestelijke) kapeksa medaraken poenapa-poenapa ingkang kapireng saking poetraniipoen toentoenan, jèn saweg neda rembag oetawi pitoeloengan ing babagan lampah agami oetawi tampi Sakramèn. Poenapa déné boten kénging meksa poenggawa agami medaraken poenapa-poenapa kémawon ing bab rembagipoen ingkang dipoensoeaken, kedjawi jèn sampoen wonten idinipoen poetra-bih oetawi tijang ingkang neda rembag waoe.

Poenika rak nama ngajomi wadi bih!

KABAR OEMOEM. INDONESIA.

Péngetan Volksraad.

Mr. J. J. Schrieke, wakil regeering pérangan Justitie, kadjawi sanès-sanès wonten katranganipoen mratélakaken makaten:

Regeering badé migatosaken rembag soepados ing kantor landraad dipoensoeidjani paloenggoehan (bangkoe) kanggé saksi toewin dakwa.

Regeering tansah anggatosaken tindak angodjok-odjoki damel onar mondeling toewin kaserat.

Amangsoelaken rechtspraak dateng para nata ing tanah Kadjawèn, taksih dados rembagipoen paréntah. G. G. saged kalampahan njokani pangapoenten dateng tijang ingkang dipoenadili ing pradatanipoen Zelf-bestuur.

Regeering badé manah sagedipoen toelatingskaart f 150 dipoenbajar sarana nitjil.

Regeering boten ngrengkoeh ir. Soekarna kados doerdjara; namoeng kémawon kedah dipoenèngeti, pi-jambakipoen poenika dédé tijang mardika.

Pésta djoebiljoem.

Ing tanah Kedjawèn. Salebetipoen taoen poenika, ing tanah Kadjawèn wonten pista ageng kanggé mèngeti djoemenengan.

Tanggal 11 Septèmber, angleresi nembelas taoenanipoen K.G.P.A.A. Mangkoenegara.

Tanggal 17 Désèmber poera Pakoelalman mèngeti 25 taoenan djoemenengan.

Tanggal 26 Désèmber, kapatihan Ngajogjakarta mèngeti toemboek joeswa 64 taoen.

Ladjeng, tanggal 21 Djanoewari 1932 ing Soerakarta, mèngeti 40 taoenan djoemeneng dalem I.S.K. Soesoehoeenan.

Toerah beras?

Ing kalangan militèr. Serat kabar De Locomotief 21

Djoeli, ngewrat artikel redaksi soeraosipoenmakaten:

Sapoenika regining wos sampoen moedoen. Ateges: ing kalangan militèr inggih ngirid pinten-pinten kanggé patoembasipoen wos waoe. Samanten oegi arta kanggé toembas mertéga, glepoeng, daging, oelam loh, melk, djanganan kanggé tjangkem maewoe - ewoe inggih soeda.

Nanging njatanipoen?

Regining wos ingkang tanahipoen kados samangké poenika reginipoen njengka namoeng f 6 saben 100 K. G. Nanging militèr anggènipoen toembas regi f 14,40. Malah kalampahan kontrakipoen dèrèng telas, ngondjot kontrak malih kanggé doemoegi Agoestoes 1932 kanti regi f 8,80 saben 100 K. G. Oetawi: langkoeng 25% doemoegi 50% timbang regi oemoem oetawi regi ing peken.

Dados kanggé ambajar oewos kémawon, nagari kekatahan anggènipoen ngedalken arta. Mangka, nagari tansah ngoetik - oetik soepados ing poendi² anindakaken pangiridan.

Panjarowénipoen De Locomotief poenika, ... mapan sanget. Pantjèn regeering poenika manawi jajasa oetawi toetoembas gagah!

Konggrès Journalisten.

Wonten Semarang. Béndjing tanggal 9 Agoestoes poenika, manawi tanpa alangan ing Semarang badé wonten konggrèsipoen journalist-journalist Indonesier. Warni-warni ingkang badé karembag. Saged oegi konggrès waoe inggih badé ngoelemi journalisten Indonesier ingkang njamboet damel wonten kala - warti.

Goepernoer Djéndral énggal.

Waragading lampah. Ing Volksraad wonten warga ingkang angrembag anggènipoen nagari kedah ngedalaken arta f 60.000 kanggé toembas poenapa-poenapa kaperloewanipoen G. G. énggal, sarta arta f 20.000 kanggé waragading lampah saking Nederland dateng Indonesia. Anggènti djaman rekas poenika, poenapa waragad waoe boten saged kasoeda? Gandèng kalijan poenika wonten Memorie van Antwoord kapratélakaken prakawis waragad-waragad kanggé datengipoen G. G. énggal poenika mitoeroet tetapanipoen paréntah agoeng ing Nederland.

Waroeng Tionghoa.

Wonten Volksraad. Ing Volksraad wonten warga ingkang neda soepados dipoenwonteni pranatan keras, sampoen ngantos waroeng-waroeng Tionghoa kesangeten anggènipoen ngesoek ngantos doemoegi doesoen-doesoen. Menggah sababipoen sampoen ngantos roepak sanget koekoebaning pangopadjiwanipoen tetijang priboemi. Wonten Memorie van Antwoord paréntah soeka katrangan prakawis poenika dèrèng wonten sabab ingkang andjalari paréntah ladjeng toemindak makaten.

ERCEE ADOTHEKEN Rathkamp & Co MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA. Speda-speda merk: SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poethin dan SIMPLEX TRANSFER. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin. TOURIST: AA dan A. Ada sedia djoega speda merk: RAY - SWIFT - GRUNO - HUMBER - VIALLE - BURGERS E.N.R. - KROON - NATIONAL - BERGKONING. Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus. Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter. PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGOER. Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema. Mengharap pesenan: Rijwielhandel, Reparatie-inrichting dan Smederij: WIRJOSOESENA LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Parté énggal. Warga Raad Kawoela toewan Soejana wonten Raad Kawoela nerangaken anggènipoen damel fraksi énggal kalijan kantja-kantjanipoen wonten Volksraad, kanamakaken Vrijzinnige concentratie. Ingkang dados pantoenipoen t. Soejana, déné warganipoen dr. Ratu Langie, dr. Arifn, lan Ir. Fournier. Toedjoenipoen: kamardikan medal margi dominion status.

Lotré ageng. Lotré ageng „Don Bosco” sampoen kagebag. Pris ingkang ageng-ageng kados ing ngandap poenika: f 100.000: 46373 50.000: 21954 25.000: 38495 10.000: 4613 5.000: 17524 1.000: 22001, 12994, 43516, 22657, 2561.

Tandangipoen pèl poelisi. Wonten pawartos résidèn ing Semarang saweg niti priksa tindakipoen pèl poelisi ing Kendal, Pèl poelisi ing rikoe boten namoeng nganiaja kémawon, wonten ingkang nindakaken pameksa kapoerih ngaken, ngantos wonten dakwa ingkang trimah nglaloe tinimbang pinisakit

Pandji klantoeng. Kanggé nggambar kawontenanipoen gesang sasarengan ing Indonesia, ing ngandap poenika wonten pétangan tjatjahipoen pandji klantoeng bangsa kita. Pétangan poenika asalipoen saking tjatetanipoen Kantor Pakarjan ing satoenggaling ngaling nagari. Djanoewari '30 - Desember '30. Betawi 1385 45 Bandoeng 1054 58 Soerabaja 2136 59 Djocjakarta 3099 87 Tegal 504 4 Malang 313 10

Déné wiwit: Djanoewari '31 - Mei '31. Betawi 2017 9 Bandoeng 1965 103 Soerabaja 4346 42 Djocjakarta 5682 211 Malang 573 13 Tegal 371 4 Pekalongan 610 - Cheribon 114 1 Madioen 456 2 Manado 1493 46

MANTJA NAGARI.

SEPANJOL. Ambibaraken onder-neming.

Panitya ingkang tinanggenah manah ewah-ewahan prakawis siti, nglebetaken oesoel, soeraosipoen neda soepados nagari ambibaraken sadaja kabodidjangan ing provincie Andalusi lan Estremadura ingkang djembaripoen langkoeng saking 250 hectare. Siti waoe soepados ladjeng kaedoema dateng kaoem tani ingkang sami dados pandji klantoeng lan katahipoen boten kirang saking 100.000. Pangadjeng-adjengipoen komisi sageda oesoel poenika tinampi sarta toemoentena katindakaken. Dahoeroe.

Ing Sevilla salebetipoen minggoe kapengker wonten dahoeroe. Oendang perang kaoendangaken. Pangageng militèr angomoemaken nedya ngrisak grija ingkang katawis ngoenggelaken sandjata. Dinten Rebo 22 Djoeli ing tengah margi wonten pasaelajan, ngantos katah ingkang katon lan katiwasan. Tijang ingkang dipoentahan boten kirang saking 500. Regeering anetepaken sadaja pakempalan toenggil damel (vakvereniging) ingkang sasambetan kalijan pakempalan kaoem berah abrit, dipoentetepaken boten absah, sarta kabibaraken.

FIRMA-MERDEKA WÉTAN STATION NGABÉAN - DJOKJAKARTA. Soedah sedia bekakas roemah: tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi, semoea bikinan dari Indonesia betoel, barang baik harga pantes, dan bisa beli dengan huurkoop. Djoega trima pesenan medja sekolah dengan harga moerah, dan sedija toekang bultzak boeat bikin betoel bultzak goena didatengkan dimana tempat. Tarif ongkos toekang bultzak: no. 1. oekoeran 2,30 x 1,80 f 8,50 no. 2. " 2,20 x 1,60 f 7,— no. 3. " 2,10 x 1,30 f 5,50 no. 4. " 2 x 1,10 f 5,— no. 5. " 2 x 1 f 4,75 Pesenan harap diterangkan pandjang dan lebarnja tempat tidoer. Eigenaar: R. A. SASTRODIHARDJO.